Соколёнок

# Лачен

4/2021

ИЮЛЬ – АВГУСТ

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ГIиссинал кьурдухъаби








*Ансадерил буго Дагъистаналдаги машгьураб, гьеб бахун къватIиб Россиялъул батIи-батIиял шагьараздаги, къватIисел пачалихъаздаги гIемер цебе бахъараб ва шагьарал хIайран гьабураб кьурдул ансабль «Ансал». Гьелдаго цадахъ лъималазул «МугIрузул талихI» ансамблалъги батIи-батIиял бакIазде чIахIиязда цадахъ гIемерал сапарал гьарула. Ара-аралъуса разилъун, шапакъаталгун, бергьенлъабигун тIадги руссуна. Кире аниги, хадурккунги бергьенлъабиги нухбитIиги гьарула гьезие «Лаченалъ».*
















ДЕТИ ГОР



Мухlамад Шамхалов

# Халит нечадго гьимана

Нижер талихIгьечIолъи букIана цохIо Халитил гурони росулъ футбол хIазе бегьулеб торгIо гьечIолъи. Халитин абуни чIухIун вукIунаан гьелдаса. ГIемер гьардезе кколаан гьесда, ва бокьанщинахъе щолароан нижее торгIо хIазе. Бищун нижее рихараб жо букIана Халитица лъимал тIаса рищи. Гьесул гIамал букIана, жиндие бокьарав гурони, торгIо хIазе толареб. «Рашидица дир торгIоялда квер хъвазе гьечIо! – ян абуна гьес, гIамал кIодого кIечIезе бетIерги гьабулаго. – ГIусманицаги хъвазе гьечIо, ХIажицаги хъвазе гьечIо!» Бищун лъикI хIалел лъимал ратIа гьарулаан. Щибго кеп букIунароан, гьел гьечIого, хIаялъул. Гьесул гурони торгIо гьечIелъул, нижги гьесул гогьдариялъе мутIигIлъулаан, гьес абурабщинаб гьабулаан.



Гьеб букIана лазаталда футбол хIазе гIадаб роцIцIараб ихдалил къо. Кидадай, къвалакь торгIоги ккун, Халит вачIинаян ралагьун чIун рукIана ниж. Ургъелги букIана жиндирабго гьабизе лъугьинин гьевилан.

Халит абуни жиндирго рагъида торгIо кIанцIезабулев вукIана. Гьесие бокьун букIана ниж гьардезе рачIине. Ниж инчIо. Гьеб къоялъ нижеца къотIи гьабуна, Халит гогьдаризе, лъимал тIаса рищизе лъугьани, гьевгун хIазе киназго инкар гьабизе. Виччанте живго цохIо хIалев вукIине!

Ниж гьардезе рачIинчIелъул, Халит къватIиве вахъана. Амма нижеда аскIове вачIинчIо, хурул манзилалъ довегIан чIана. Гьес къвалакь ккун букIана доб цояб рахъ зоб гIадаб хъахIилаб, цояб рахъ бакъ гIадаб багIараб дир бетIергIан кIудияб торгIо. ЛъикIалан заманаялъ валагьун чIана гьев нижехъ. Щалдай тIаса рищилаян ургъулев вукIун ватилаха.

Халитида зунтIана живги жиндир торгIоги нижеца сан гьарунгутIи. Гьев живго цохIо лъугьана торгIо кIанцIезабизе. Ниж абуни, Халитги гьесул берцинаб торгIоги бихьулеб гьечIеб гIадин, гIалаби тIами гьабулел рукIана. Ургъунго ниж ругеб рахъалде гиризабуна гьес торгIо. Мусаца, бан

малгун, цо рахъалде балагьизабуна гьеб.

– Дуе дунгун хIазе бокьун гьечIищ, ХIусен? – ан ахIана Халитица.

– ГьечIо, – ян абуна ХIусеница, кигIан бокьун бугониги.

– Капурго хварал хIайваназул гIалаби гелгезарулел рукIа гьенир! – анги абун, кьабун рокъове ана Халит.

Гьеб къоялъ футбол хIазе щвечIо нижее. ТоргIоги рокъоб бахчун, цо рахъалде ана Халит.

Нахъисеб къоялъ, къвалакь ккун торгIогун, живго вачIана Халит нижеда аскIове. Доб сон букIараб чIухIакъули букIинчIо гьесулъ.

– Дуе дунгун хIазе бокьиларищ, Мажид? – ан гьикъана гьес.

– Бокьила, – ян абуна Мажидица.

– Рилълъаха мунги, АхIмадги, ХIусенги, МухIамадги.

– Гьал цогидал?

– Гьел щай дуе? – ян абуна Халитица кIичIардулаго. – Баркалаян абе, мунго хIазе виччалев вугелъул.

– Нижее хIажат гьечIо гьединаб хIайги гьединаб торгIоги!

Гьалгъан хутIана таргIил бетIергьан. Гьесда ракIалда букIинчIо жиндирго гьудулас гьединаб жаваб кьелилан.

– Нуж гьечIониги, кIола дида хIазе! – янги абун, лъимал рухIдаллъизаризе гIадин, торгIо басандизабизе жувана гьев. Амма щивниги рухIдаллъичIо. Хехго чIалгIана Халитида векерахъди. Щибго кеп букIинчIо гьесие, цохIо живго хутIараб мехалъ.

Халит нахъеги лъималазда аскIове вачIана.

– ЦохIо Сиражудинихъе хутIизегIан, киназухъего кьела торгIо, – ян лъазабуна гьес, Сиражудиниде килищги битIун. – Гьев нижер гIанкIуязде рехтIана.

– Дун рехтIечIо, нижер пастIаниса чияр гIанкIуял рачахъана, – ян абуна Сиражудиница. – Дуца рачахъуларищ нужерго пастIаниса гIанкIуял?

Лъимал руцIцIун чIана. Халит лъималазухъ валагьана. Гьев хIинкъана Сиражудин сабаблъун нахъеги лъималаз хIазе инкар гьабилилан.

– Гьедин батани, кIваричIо. Ма торгIо, – ян абуна гьес. – Бокьани, футбол хIай, бокьани, волейбол хIай.

Лъимал гъираялда хIазе лъугьана.

– Гьадин лъикI гьечIищха, Халит? – ан абуна разияв Рашидица.

Халит нечадго гьимана.



Салихлат ХIасанова

# Эбелалъул шал



Эбелалъул хинаб шал –
Хирияб дир хазина,
Эбел ракIалде щведал,
Дица ботIрода чIвалеб.

Гьелъ дие хинлъи кьола,
РекIее сабру кьола.
Гьелъул хIеренал симсаз
МагIу дица бацIцIуна.

Гьелъ гIумрудул квекIенал,
КIутIун нахъе хъамула.
Унтулеб дир каранда,
Канаб чирахъ бакула.

Рохел гьелъий бикьула,
Ургъел гьелъий чучула,
РекIелъ бугеб тIолабго
Рагьун гьелда бицуна.

Эбелалъул хинаб шал –
Дие тараб сайигъат.
Ракьалда дун йикIаго,
ЦIунун буго дица гьеб.

# МугIалимазе

Нилъер мугIалимал, нилъер гIалимал,
ГIакълудул нухдасан квер ккун рачарал,
Канлъи, лъай нилъее сайгъат гьабурал,
Гьеб бечелъи бугин бичIчIизабурал.

Нилъер мугIалимал, нилъер гIалимал,
ГIумруялъ нилъ гьезий руго налъулал.
Гьелъ нилъеда къараб лъаялъул рачел,
Чучлъизе течIого борче щулаго.

Нилълъ кIудиял гIола, гIолохъанлъула,
ГIагарал гьел кирго мисаллъун чIола.
Кьвararал тIалабал кьурал дарсазул,
Дуе гIумруялда хIажат ратула.

ГIумрудул сухъмахъал нахъа толаго,
Тун ратула лъалкIал гьезги ракьалда.
Къадар щун хабалалъ рукъананиги,
Руго даим чIаго гьел цIалдохъабалъ.

# Дагъистан





ГIагараб Дагъистан, бокьула мун дий,
Дур гIаздал тIогьалгун, ризал рохьалгун.
ГIодоб гъварилъуда чвахулел гIорал,
ГIурул рагIаллъуда тIегьалел ахал.

Хирияб Дагъистан, бокьула мун дий,
Эбелалъул гIадаб гIадат-гIамалгун.
Цингиги хирияб дир инсул ватIан,
МугIрузда гIадамал – намусгун, яхIгун.

Хирияб Дагъистан, бокьула мун дий,
ТIолалго миллатал цолъун кIалъалеб.
Гьудуллъи щулиял, гьобол хириял,
Щвараб къо борхулел дур гIолилалгун.

# Шамилги лъималги

ГIемерал биценал руго Шамил имамасул гIаданлъиялъул, гIакъиллъиялъул, гьесие лъимал рокьулел рукIараб куцалъул хIакъалъулъ.

ГIурус пачаясде данде гьарулел рагъазул заманалда Шамилихъ асирлъуда рукIана гуржиязул гиназ Чавчавадзел чIужу Анна, гиназ Орбелианил чIужу Варвара, гьезул лъимал ва гъаравашшал. «Кавказ» абураб тIехьалда франгазул хъвадарухъан Александр Дюмаца бицунеб буго асирлъуда гьезул гIумруялъул, гьездехун ва гьезул лъималаздехун Шамилил букIараб бала-



гьиялъул. Гьес хъвалеб буго: «Шамилие лъимал цIакъ рокьулаан. Анна Чавчавадзе ва Варвара Орбелилани асирлъуда ругебгIан заманаялъ, щибаб радал Шамилица жиндихъего ахIулаан гьезул гIисинал лъимал ва тIубараб сагIаталъ ракIгъезабулаан гьезул. Киданиги риччалароан Шамилица гьел, кинаб бугониги сайигъат кьечIого. Лъимал цIакъ ругьунлъун рукIана Шамилиде.

Хадур, асирлъудаса эркенги гьарун, Шамилилгун къо-мехлъикI гьабулаго, лъимал гIодана».

Калугаялда Шамилида хадуб халкквезе пачаяс тун вукIарав А. Руновскиясги «Шамилил хIакъалъулъ хъвай-хъвагIаял» абураб тIехьалдаги бицунеб буго лъималазе Шамил вокьулев вукIараб куцалъул. Гьес гьадин хъвалеб буго: «Калугаялъулаз Шамил гьоболлъухъ ахIулаан. Гьев гIодовчIун вахъиналде, гьесул накабазда гIодор чIолаан рукъалъул бетIергьабазул лъимал. Гьел цIакъ рохун, чIухIун рукIунаан гьелдаса. Цо-цо мехалъ лъимал цере ккаразда тIад рахъунаан, гьесул накалда жал рукIине кколилан чIолаан. Шамилица жиндаго цебе лъураб квен гьезиеги кьолаан.

РакIалде ккезе бегьулаан гьесул бахараб мегежги, борхатаб гъал-гъалараб тIагъурги, тIасан ярагъги борчараб гьесул чухъаги лъималазе рекIее гIеларилан. Амма гьел гьитIинал гьудулзабазул Шамилидехун кIудияб божилъи букIана. Шамилицаги гьел реэдулаан, гьелгун лъимер гIадин вукIунаан.»

*(Лаченалъул архивалдаса)*

Тизудинил ХIализат



# Лъеда ганчIазул кьурди

**1.**

КIиго сон барав Юсуп
Каспиралъдахъе щвана,
Гъасие цIакъ бокьула
Лъадалъе чIинхал разе...

РакIалде щолеб буго
Росулъ дирго лъимерлъи,
Рехаралщинал ганчIал
ХIоринире нижеца...

Гъеб хIаялда цIар лъуна
ЧIинхаз хинкIал квинари.
Камилав устарасул
ЩуцIул кIанцIулаан гъеб.

Лъеда ганчIазул кьурди –
Гъаб гIумрудул расанди.
Раса, гама гурелъул,
ГамачI тIинде бортула.

**2.**

БукIаниги, лъималаз
ЧIинхазе роржен кьола.
Роргулел цIваби гIадин,
Лъеда гьел расандула.

Дун васгун гIемер щола
Ралъдалгун накъиталде.
Долъие ганчIал кьола,
Долъ ччугIил гIундул кьола.

**3.**

ГIедегIичIел гIадамал
ЧчугIа колел ратула,
Меседил ччугIа гьанже
Каспиялда хутIичIо.

Гьеб, цIогьаз ккун, тIагIана,
ЩIадай рехун, бежана.
Гьанже ралъадалъ гIицIго
ЧчугIил гIундул рикьула.





# Авар мацӀалъ ахӀула...

Векерулев вуго вас,
Васандулев вуго вас.
Вохун вугев куц гьитӀич,
ХӀатӀазда живго чӀедал.

Дунял рагьулеб буго
ГьитӀинав Юсупие,
Гьасул бер буссунареб
Сверухъ щибго жо гьечӀо.

Гьале цӀияб гӀус бижун,
МагӀарул хинкӀал квине.
Гьале вас, торгӀоги ккун,
Цо-цо рагӀи абулев.

Авар мацӀалъ ахӀула
ХӀайранго бабайилан.
БолмацӀалда кӀалъала
КӀарчанго дадайилан.

# Дур кьурабаз куцана

Гьарадирихъ – дир росу,
Гьарадирихъ – гӀураб ракь.
Макьилъ гӀемерав щола
Гьанже духъе гьоболлъухъ.

Гьабуге дуца гӀайиб
Дир къоял къватӀир ругин.
Дур къватӀал кӀочон тараб
Къо букӀинчӀо кидаго.

Дур ганчӀаз дарсал кьуна,
Дур мугӀруз чаран лъуна,
Дур лъараз гӀумру лъана,
Дур кьурабаз куцана.

Керчаб дур рохьор ругел
НакӀкӀигъутӀбуз малъана,
Борхатаб ТӀохмегӀералъ
Тарих дие рагьана.



# МагIарулай

Нуцалай Султанова

Огь, магIарулалъул ратIлил тIабигIат,
БотIроде рехараб шалалъ борцунеб,
Лага цIураб катан, канчIаб гормендо –
Кинабго рекъола мугIрул ясазда.

Симис халатаб шал дализе гьабун,
Никелалъ цIикараб гIеретIги баччун,
ГIолилал рачIунеб къотIносан уней,
Унго, магIарулай, дур берцинлъи щиб?!



# Гьунаралъе ахир гьечIо

ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул
ГIаммаб къадар буго цIакъго дагьлъулеб.
ГIумруялъул нухде ниж ккезарурал,
ГIодизе бачIуна нужехъ балагьун.

Гьаб гвангъараб дунял, роцIцIарал зобал
Чабхилълъан чваххулел рацIцIадал иццал,
БахIарчилъиялъул, бергьенлъиялъул
Бикьун нижей щвараб рокьи буго гьаб.

Къварилъуге, ясал, васал гьечIилан,
БахIарзал холаро, рухI босаниги.
Гьезул гьунаразе ахир лъоларо,
Къанида бикIула бахIарчияб цIар.



# Эбел абураб рагIи

Эбел абураб рагIи –
ункъо хIарпалъ гIуцIцIараб,
Ункъабго цIайи бакIаб,
цIацIаниги тIолареб.

Эбел абураб рагIи –
кIалдиб нилъей гьуинаб,
ГьоцIо бецIцIулеб гIадин,
такрарлъизе бокьулеб.

Эбелалъул букIуна
батIаго берцинаб махI,
Эбелалъул букIуна
бадисан бакъул кунчIи.

Эбелалъ гьарурал нилъ,
эбелалъ хьихьарал нилъ,
Эбелалъул рахьдал мацI
мацIалда бекьарал нилъ.

Эбел гьечIони, нилъер
къавуда гьури бала,
Эбел гьечIони, нилъер
нуцIихъ гьобол чIоларо.

Эбелалъул квералги,
эбелалъул квеналги
Кинабго данде бачун,
давла буго нилъе.

Хирияй нижер эбел,
хIалимай нижер эбел,
ХIасратай нижер эбел,
хIал кьеги дуй Аллагьас.

ХIулидулъ лъун хьихьила,
хьул лъураб аскIоб лъела,
Абурабщиналдаса
тIасалъугьин гьарила.



# ГIадилал

## (аварагзабазул тарихалдаса)

ТIупантIунбахъингун, хвалдасан хвасарлъун НухIил гаминиса къватIире рахъарал гIадамаз цIидасан ракьалда гIумру байбихьанила. Дагь-дагькккун гIемерлъанила гIадамал. Ракь цIилъанила, хурзабазда тIор банила, хIайваналги хIанчIиги кIилъанила – дунял цебе букIахъе рукIалиде кканила.

ГIадамал гIемерлъанагIан дунялалъул чанго бутIаялде рикьа-риххун, цо-цо къавмалккун батIа-батIаго чIчIун гIумру гьабизе ранила.

Гьезул цоял ГIадил къавмалъ гIумру гьабулеб букIанила салуца бацараб Йеменалъул югалда. Гьеб расалъи букIанила ралъдал рагIалда гIагарлъухъ. Гьарзаго ралаанила чваххунцIадал, ракьулъан ракку-лаанила рацIцIадал иццал. Гьенир рукIанила авлахъалги, ахалги, хурзалги, харибакIалги, хьихьулел рукIанила гIемерал хIайваналги хIанчIиги. Гьеб букIанила Алжаналъул цо бутIа гIадаб гIажаибго берцинаб жаниблъи. Доб заманалда цойги кибниги гьечIеб гIадаб гьайбатаб шагьар бан букIанила гьениб гIадилаз. Шагьаралъул киналниги рукъзал гьарун рукIанила ганчIил цалазда тIад, къватIал тун рукIанила гIатIидал. Кинабго шагьар берцин гьабун букIанила гьайбатал ахазги, бечедал пастIабазги. ГIадилаз жидерго шагьаралъе цIар кьунила Ирам зат аль-имад (цалал гIемераб Ирам» абун. ТIолабго улкаялдаго гьелда релълъараб бакI цойги букIинчIила. ГIадилал рукIанила нартал гIадал чIахIиялги хIисабтун къуваталги гIадамал. Жеги гьез ранила щулиял хъулби цIунарал боржалги. Гьенир рукIанила гамачI бахъулел бакIалги ярагъ гьабулел къебелъабиги.

Жидерго гIамалкIодолъиялъ ва жидедасаго цогиял бергьунгутIиялда ракIчIеялъ жидерго гIорхъабиги рахун, чия-чияр бакIал ккезе лъугьанила гьел.

Шагьаралда гIагарлъухъан сапаралъ хьвадулел цоги-цоги къавмал нухккъосун ккеялъе, гьересиял, нух мекъи бихьизабулел ишараби тIад гьарурал хъарщал чIвалел рукIанила гьез нухазда. Гьезул мурадлъунги букIанила нухккъосун ккарал гIадамазда тIадрелъизе щвей. Расги гIайиб гьечIел сапарчагIазде тIадеги кIанцIун, гъара гьабизелъун рахъунаанила гьел шагьаралдаса къватIире. ГурхIел тун, цIоб гьечIого руха-кьабулаанила гьез жиде-жидер ишалъ унел нухлулал.

Цо заманалда гIадилаз байбихьанила ганчIал рекIкIун жидеего магIбудал (идолал) гьаризе, ва гьезие лагълъи гьабизе. Гьелдалъун гьел релълъанила доб тIупаналъ гъанкъун хвараб НухIил къосараб къавмалда. Хъанчазе гьабулеб лагълъиги тун, хIакъав Аллагьасде руссаян лъазабизе БетIергьанас гьезде витIанила Гьуд авараг.

Аварагас гьезда гьарулеб букIанила, ццидалаллъун ва вахIшиллъун рукIинчIого, гIадамазда гурхIулеллъун ва гьезие квешлъи гьабулареллъун рукIаян. Гьудица гьел ахIулел рукIанила гьересиял ишарабаздалъун сапарчагIазда нухал къосинаричIого тезе, гьезухъа буголъи бахъунгутIизе, гьел чIвангутIизе, инжит гьарунгутIизе.



Жиндирго халкъалъухъеги вачIун, Гъуд аварагас абунила:

– Я, дир халкъ, дун нужер хIакъав авараг ккола. ХIинкъа нуж Аллагьасдаса ва русса нуж битIараб диналде! Дие ножодаса кинабгIаги шапакъатги хIажат гьечIо, гIаламалъулго БетIергьанасдаса гурони шапакъатги дие кIваричIо. Русса нуж!

– Гъуд, щиб дуе нижедаса къваригIараб? – ан гьикъанила гIадамаз.

Гъудица жаваб кьунила:

– Я, дир халкъ, Аллагьасе гьабе нужеца лагълъи. Аллагь гурев цойги бетIергьан нилъер гьечIо. Унго, хIинкъуларищха нуж Гьесдаса?!!

Халкъалъ абунила: «Мун вачIун вугоха нижехъе, нижер умумуз какал ралел рукIарал магIбудалги жалго тун, нижеца цохIо Аллагьасе лагълъи гьабеян лъазабизе?»

Гъудица гьезда абунила: «Я, дир къавм, хIакъикъаталдаги Аллагьас рижарал ккола нуж. Аллагьас НухIил къавмалде пасалъи тIамуна, гьел гIорхъолъа ун къосун ккеялъ. Аллагьас цIидасан дунял чIаго гьабуна, Аллагьас кьураб буго нужее гьаб бихьулебщинаб ракьги, Аллагьас кьун буго нужее лъайги къуватги, Аллагьас кьун буго нужее нужер наслуги, кинабго бечелъиги, ахалги, иццалги. БетIергьанас кинабго кьун буго нужее ракьалда нужер чIаголъи букIине гIоло.»

ГIадамаз абунила: «Я, Гъуд, мунги нижеда гьоркьоса цояв гурищ кколев? Щайха цинги Аллагьас тIаса вищун нижго гIадав вукIарав мун – нижеде авараглъун витIарав?»

Гъудица жаваб гьабунила: «Нуж гIажаиблъунищ ругел, нужеда гьорлъа цояв Аллагьас нужехъе витIиялда? Нуж гIакълуялда ратизе, нуж кантIизе, нужеца гIадамазе зарал гьабунгутIизе, нужеца гьел гуккунгутIизе, нужеца гьел рухичIого, чIвачIого тезе, нуж битIараб нухде ккезаризе сабабалъе витIаравлъун вуго дун. Нужин абуни, релъулел, чияде бачIараб къварилъи-балагьалдаса рохулел руго.»

Капурлъараб гьеб халкъалъул чIахIияб гIелалъ абунила: «Нижеда бихьулеб буго хIакъикъаталда мун къосун вукIин ва нижеца рикIкIуна мун унго-унгояв гьерсихъан вугилан.»

Гъудица жаваб гьабунила: «Я, дир къавм, кигIан дагьавги гьаглъун гуро дун вугев. Дун ккола гIаламалъулго БетIергьанас нужехъе витIарав Аллагьасул расул. Дир БетIергьанасул рагIи босун вачIун вуго дун нужехъе, дун



нужер божарав ва хIакъав насихIатчи ккола».

Гьез абунила: «Я, Гьуд, цониги мухIканаб хIужа гьечIо дуца нижее бачIун. Дур чIобогосеб рагIуда божун нижерго мажусияб дин кин нижеца телеб. Нижер цо-цо магIбудазул ццин бахъун батизе ккола дуда. Гьез дуего квешлъи гьабидал, дур гьездеги буго кIудияб ццин. Нижерго диналдаса инкарги гьабун, дур диналде ниж русси-не бокьун буго дуе».

Гьудица жаваб гьабунила: «ХIакъикъаталда дунго витIарав вукIиналъе дирго Аллагь нугIлъиялъе ахIула дица. Нужер магIбудазда гIадамасе я зарал яги пайда гьабизе кIоларо, шибгIаги хIалкIолъи гьечIел гIадатиял ганчIал гьел рукIиналъ гьездаса дун рикIкIадавги вуго. Дица гIицIго насихIат гьабула нужее: цIуне нужго БетIергьан-Аллагьасул ццинбахъиналдасаги гIазаб-гIакъуба кьун хвезариялдасаги».

Гьез абунила: «Я, Гьуд, дуца хвалилги гIакъуба-гIазабалъулги хIинкъи кьолеб буго нижее. ЛъидагIаги кIолеб ниж гIадал къуваталги бергьаралги гIадамазда данде рахъине?»

Гьудица жаваб гьабунила: «Нуж рижарав БетIергьан вуго нужедаса хIалкIояв, БетIергьанас кьураб буго нужее гьеб къуватги, БетIергьанасда кIола гьеб нужехъа нахъе босизеги, нужеде пасалъи тIамизеги.»

Гьез абунила: Мун а ва абе дурго БетIергьанасда нижеде балагь тIамейилан. Ниж балагьун рукIина кIолищ Гьесда ниж пасат гьаризе абун. А мун, Гьуд, абе ниж хвезареян, ниж божуларо дур гьел гьадингосел рагIабазда. Мун хIикмат бихьизабизе кIолев чилъунги ватани, бихьизабе гьебги, ниж гьелъухъги ралагьун чIчIела».

Гьуд аварагасда бихьанила гьеб мажусияб къавмалъул ракIазул биццалъиги беццлъиги, гьел кантIулареблъиги. Алжаналъуб гIадаб гIумру-ялъги рикIкIен гIемерал рахIматазги живго Аллагьгицин кIоченавун вукIанила гьезда. Живго Аллагьасдасаги хIалкIоялги къуваталги ругин жалгоян кколеб букIанила гьезда.

Къосараб жиндирго къавм битӀараб нухде тӀобитӀизе кумек гьабеян гьаранила Гьудица БетӀергьанасда.

Гьебмехалъ Аллагьас ракъдаллъи тӀамунила ракьалде, гӀемераб мехалъ зодисан цониги цӀадал къатӀра тӀинкӀичӀила гӀодобе. ТӀегь-ххер бакъван тӀагӀанила, кваназе рагӀиххер гьечӀолъиялъ хӀалакълъанила боцӀцӀи-панз. Халкъго хӀакъданила цӀцӀадахъ, хӀавузаздаги иццахъги бугеб лълъимги гӀицӀго гӀадамаз гьекъезе гурони гӀолеб букӀинчӀила. ГъутӀбиги, ахалги, хурзалги, харибакӀалги лъалъазе лълъим букӀинчӀила. ГӀадилал жидерго магӀбудазде руссанила, гьезие какалги ран, ракъдаллъараб ракьалъе цӀад гьаранила.

Гьудица абунила: «Я, дир халкъ, божа нуж Аллагьасда. Аллагьас кьела нужее зодисан рахӀматал, тӀаса босила гьеб къварилъи, русса нуж битӀараб диналде!»

ГӀадамаз гьесие жаваб кьунила: «Нижеца нижерго магӀбудазда гьарана цӀад базабеян. КватӀичӀого гьез нижее цӀад битӀизе буго. Мун тӀагӀа гьаниса! Дов дуца абулев БетӀергьан вуголъун ватани, биччанте гьес бокьараб гьабизе!»

Цо къоялъ гӀадамазда зодоб бихьанила, кӀванагӀан кӀодолъунги бачӀун, жидедего гӀагарлъулеб чӀегӀераб накӀкӀул парча. «Доб цӀадалаб накӀкӀул парча магӀбудаз нижер гьариялъе жаваблъун битӀараб буго! Нижер талихӀ! Гьарзаяб цӀадалъ гьаб расалъиялъул къеч хьвазабизе буго, авлахъалги харибакӀалги лъалъазе руго!» абун рохун ахӀтӀезе лъугьанила гӀадамал.

ЦӀад базе букӀиналда ракӀчӀун цояз гьебсагӀатго рекьи байбихьанила. «Кив вугев дур БетӀергьан, Гьуд? Дуца гурищ абулеб букӀараб Гьесда цӀад гьаризе бугилан. Доле, кӀудияб накӀкӀгун цадахъ нижер магӀбудаз нижее цӀад битӀун бачӀунеб буго, амма дур БетӀергьанас щибго гьабичӀо» абун кӀалал гьикъанила Гьудида цогидаз. Лъабабилел, рохиялъ хъатги кьабулаго, магӀбудазда сверун кьурдизе, кечӀ ахӀизе журанила.

ГӀадилаз рохел гьабулаго, бахъанила кутакаб гьури, гъур-гъурун банила гъветӀ-рохь, цоцахъ банила цӀа-рагӀ. Салиги гамачӀги жубан гьел пунапикъзабазул гьурмалълъ речӀчӀулеб букӀанила, берал беццлъизарулел рукӀанила. Гьорол хъуялъ гӀундул гӀинкълъизарулел рукӀанила, цӀороялъ тӀилгӀазарулел рукӀанила чурхдул, цӀорозарулел рукӀанила кваралги хӀатӀалги. Кир рахчаниги гьезда гурхӀел гьабулеб букӀинчӀила гьороца. Анкьго сордоялъги микьго къоялъги халатбахъанила гьури, гӀадамалги хӀайваналги жура-гъуран тӀатӀала ран рукӀанила. Гьеб бечедаб бакӀги гьениб букӀанщинаб чӀаголъиги чӀунтизабун хвезабунила гьороца. ГъветӀ-ххералъул кьалбалги къабихӀ гьарурал капурзабазул чурхдузул хутӀелалги ракьго бацун тӀиритӀун рукӀанила. ГӀицӀго Гьуд авараг хвасар гьавунила Аллагьас.

Кинабго букӀанщинаб букӀинчӀеблъун лъугьанила. Шагьар букӀараб бакӀалда цого-цо минабазул кьучӀчӀал хутӀун рукӀанила. Гьез абулеб букӀанила:

– Гьаб бакӀалда – улкаялда кибниги букӀинчӀеб гӀадаб гьайбатаб Ирам зат аль-Имад шагьаралда гӀумру гьабулеб букӀана гӀадилазул чӀахӀиял ва къуватал гӀадамаз. Анкьго сордоялъги микьго къоялъги цого къуваталда рахъарал балагьазул гьуралги тӀаде тӀамун тӀагӀинаруна гьел киналго. ГьотӀол хӀухьдузда релълъинедухъ кьура-зурун рарал гӀадамал рихьаларищ нужеда? – абун.

***Буссинабуна ГӀ.Малачиевалъ***

# Ункъиде рикьарал лъагIалил гIужал

Рукъият Асадулаева



Ана хинал къоял, къокъана рии,
Къваридго, мех-мехалъ нахъбуссунаго.
Гьоболлъухъе рештIун букIараб гIадин,
ГIурччинаб ретIелги тIогьилалъ хисун.

БачIана хаслихълъи хинал гьуралгун,
Меседилаб кьераб гъветI-ххерги белъун.
Дагь-дагьккун къокъунел къоязда цадахъ,
Цо хассаб берцинлъи нилъей кьолаго.

КватIичIого щвела гIаздалаб хасел,
Хиси гьечIеб чваххи заманаялъул.
Ункъиде рикьарал лъагIалил гIужал –
ГIаламатал жидер щибалъулъ ругел...







Тарип Расулов

# Сапарги Чапарги

(хабар)



Сапарги Чапарги цоцадаса ратIалъуларел гьудулзаби руго. Школалдаги гьел цо партаялда нахъа гIодор чIун рукIана, дарсалги кIиясго цадахъ гьарула, умумузул тIадкъайги кIиявго рекъон тIубазабула.

Ахикь батIи-батIиял пихъал рарщулеб гIуж тIаде щвана. Чалиялда нахъасан чияр гъутIбузда бугеб пихъихъги балагьун, хьулхьудулев вукIана кIиявго гьудул. Амма чияр пихъиде квер бегьичIого, яхI гьабун чIана. ГIемераб мехалъ гьенирги рукIун, кIиявго гьудул больницаялде цере щвана. Азбаралъул къеда тIасан ваккарав унтарас гьел жиндаго аскIоре ахIана ва гьимулаго гьарана:

– Ле, игитал, нуж къваригIел тIубалел бахIарзал ругин ккола. Цо дир тIадкъай тIубазабизеги кIвеларищ нужеда?

– Валлагь, кIвела, кIудияв чи, – йилан цеве кIанцIана Чапар. Сапарги, гьорлъанго гьудуласда бералги речIчIизарун, унтарасда аскIове вачIана.

– Нижеца бажарулеб жо батани, тIубалаха, даци, дур тIадкъай, – илан гIодовиччан унтарасе жаваб гьабуна Сапарица. Чапар пунщана.

– ТIадкъай захIматаб гьечIо, – янги абун, унтарас лъималазухъе гIарац кьуна. – Доре базаралдеги ун, гьалде ккараб гIечги босун рачIа.

– РачIина, даци, – янги абун, Сапарица гIарац кодобе босана.

– Ниж гьаб параялъ нахъруссина, – ян воххун лъугьана Чапар.

– Ункъабилеб палатаялда вуго, лъимал, дун. РакIалде чIезабе, – янги абун, унтарав ана.

Лъималги базар–майданалде рекерана. Чапар разиго, квералги хьвагIезарулаго, гьудуласдехун кIалъана:

– ГIажаибав чи вугоан гьадав унтарав. Нилъер цIаралцин цIехечIого, гIарац кьолев вуго...

– Нилъеда божун вугоха дов. Мунин абуни...

– Сапар, дица гьедин гуро абулеб букӀараб. Дуда мекъи бичӀчӀуге. Квешаб пикру ракӀалдацин букӀинчӀо дида... Гьелъул гӀаксалда, дун цӀакъго вохарав вуго унтарасе кумек гьабизе щвеялдаса...

ГьалмагъзабиI базар–майданалде щвана. Амма пихъ бичулев чи ватичӀо гьезда.

– Пакъирасул пихъиде къасд тӀамун батила. Нилъедайин абуни гьесул гьари тӀубазабизе кӀвечӀо, – ян пашманго кӀалъана Чапар.

– Щибха гьабилеб, нилъеда гӀайиб ккечӀелъул, – ан жаваб кьуна гьудулас. Сапарги Чапарги больницаялде ана ва унтарасухъе гӀарац нахъбуссинабуна.

– Нижеца дуе гӀеч цойги нухалда босила, – ян нечадго кӀалъана Чапар. Ва, унтарасе къолъикӀги гьабун, палатаялъул нуцӀа къана.

Чанго къойидасан Сапарги Чапарги унтарасухъе больницаялде щвана. Чапарил лъор гӀечул цӀун букӀана. Гьес столалда тӀад бугеб гъадринибе, лъоросаги босун, кӀаркьен багӀараб, беричаб, гьанже-гьанже гъотӀодаса бетӀараб гӀеч балеб букӀана.

– Гьалеха. Дуда ккун букӀун батила кьураб рагӀи кколарел лъимал ниж ругилан, – абун Чапарица гьадаро унтарасухъе бегьана.

– Дуца гӀайиб гьабуге, кӀудияв чи, доб къоялъ нижеда кӀвечӀо дур тӀадкъай тӀубазе. Доба базаралда букӀунелдаса гьаб лъикӀаб буго, – ян гӀодовиччан абуна Сапарица.

– Огь, баркаман, гьелъул берцинлъи бихьулаарищ, – ан унтарас гӀедегӀун гӀечалде квер бегьана ва, хӀанчӀана. – ЦӀакъ гьуинабги буго...

– Гьаб дуе нижер сайгъат буго, – ян яхӀ гьабизе кӀвечӀо Чапарида. Цинги, рекӀеда ватарав гӀадин, гӀедегӀун гьудуласухъ валагьана. Гьас рагӀи абичӀо, амма бичӀчӀуледухъ пунщана.

Гьелдаса нахъе лъималаз зама-заманалдасан унтарасе гӀеч босун бачӀунаан. Гьеб лъалеб букӀана ахил хъаравуласдаги. Амма гьес лъимал рихьичӀеб ххвел гьабун толаан.

Цо къоялъ гьес лъимал тӀадго ккуна.

– Игитал, – ан абуна гьес хӀеренго, гьел жиндасаго хӀинкъулаарeдухъ. – ЦӀакъ лъикӀаб жо буго нужеца унтарасе гьабулеб. Амма, нужеца бачӀараб гӀеч чияр ахикьа бетӀараб букӀин лъани, щибдай дос абила...

Сапарги Чапарги цин цоцахъ ралагьана, цинги, багӀарлъунги рахъун, гӀодоре къулана.



## Маргъабазул дунялалда

# БукӀараб рохьил къиса

Мухӏамадкалил Гьиматов

Нижер росда гӀагарлъухъ
ГӀажаибаб рохь буго,
Ахикь гӀадин кьерухъе
ГъутӀби чӀун гӀезабураб.
ГӀемер соназ гӀадамаз
ЩӀунараб гӀадат буго,
ЦӀикӀкӀаразгин гӀисиназ
Ихдал цо-цо гъветӀ чӀолеб.
ЩӀалдохъабаца гьанже
ЩӀигьабуна гьеб гӀадат,
Ихдалил байрамкъо гьез
Рохьоб кӀодо гьабула.
КӀудияз кӀи-кӀи чӀола,
ГьитӀиназ цо-цо чӀола,
Рохьор гъутӀбузул къадар
ГӀезегӀанго цӀикӀкӀуна.
Дагьаб цебе букӀана
КӀудада гьавураб къо,
Гьес нусго сон тӀубараб,
Нусго гъветӀ рохьоб чӀараб.
Гьеб къоялъ кӀудадаца
Бицараб къиса гьале,
Маргьаялда релълъараб,
Умумулъан бачӀараб.

1.

Цебе заманаялда
Гьаб нилъер мугӀрул росулъ
Маргьабалъ бицанихъе
Ццидалав хан вукӀарав.
БетӀер тӀехӀаб букӀараб,
ТӀоноцӀ хъахӀаб букӀараб,
ТӀилил гӀадлу билълъарав,
ГӀамал мекъав вукӀарав.
ГӀасияв гьев ханасул
Халкъалда цӀар рагӀарай
Халунмеседо абун
Гьайбатай яс йикӀарай;
Харангидул чӀор гӀадаб
ЧӀуркараб лагаялъул,
Рещалъараб моцӀ гӀадаб
Бахьинаб гьумералъул.
Гьей яс гӀолей йикӀарай
Инсул ссогӀаб къавутӀа,
ГӀинтӀидул зазида тӀад
Бижулеб тӀегь гӀадинан.
Завалаб тӀогьолъ цӀцӀураб
ТӀинчӀнайил гьоцӀогӀанги
Гьуинаб гьелъул калам
Чваххулаан, ицц гӀадин.

2.

Цо «багьана» букӀараб
Нилъер Халунсемедол,
Ханзабазул васазе
Ине инкар гьабулеб.
Алъул ракӀалъ вищарав
ВукӀарав цо чанахъан,
Чумалавин цӀар бугев
Цо узданав гӀолихъан.
ЦохӀониги ханасул
Ихтияр тӀад гьечӀого,
Эркенаб яшавалда
Рохьов колотӀа чӀарав.

Эсул бетIербахъиги
БукIараб чанидасан,
Чанил гьанги бичулеб
БукIараб ханзабазе.
Халумеседо эсда
Урхъун инагьдулаан:
Унго, жиндийги анищ
Эркенаб гIумруйилан.
Ахир цо гъарабашги
Гъоркьан рекъезе гьаюн,
Ругьел араб алъ битIун
Балъго багьадурасде:
«Гьал рорхатал гьундузухъ,
Гьиналъ ккураб мокъокълъун,
Къваридго дун течIого,
Таваккал тIамейилан».
Къаси сордо бачIиндал,
БецIлъиялъ дугъ бигъидал,
Бухьараб гьасги сапар
Гьундухъе «чан гьабизе».
БацIал чабхъад рахъунеб
Чи-лълъим кьижараб гIужалъ,
ГIарщил мали реххараб
Халунмеседохъе ас.
Меседил кверкъел бугеб
Гордуги къирухъе тун,
КъачIан йикIарай айги
Асда данде яхъине.
Йосун чодул кьолоний
Халунмеседоги лъун,
Ххазабураб Чумалас
Чундузул дунялалде.

3.

Ал разияб хIалалда
АхIи-хIурги гьечIого,
Гьеб иш тIубазеяли
Бигьаяб жо букIинчIеб:
Жанисан дой ясалъги
КъватIисан Чумаласги
Кьураб гIарцул чвархъиялъ
Чучараб хъаравуллъи.
Амма нахъияб къоялъ
Дол хъаравулзабазги
Хъасизе ккараб гъванща,
Ккараб эзда ракIалде:
«ГIарацги щай букIараб,
ГIумруги щай букIараб,
Щайзедай жал рижарал
Гьав ханасул лагъзаллъун!»
Халунмеседо хъамун
Ун йикIин тIатарабго,
ТIури щварав чи гIадин,
Гьалаглъарав гьанже хан.



Гъабизе жо тIагIарас,
ТIолабго росу-рукъго
ТIаде бахъине гъабун,
ТIамураб хадуб ахIи.
Асул божарав чукъа
Чунчудизе лъугьарав:
Чумаласул батилин
Гьеб «хъубаб пишайилан».
Чапар арав ас витIун
АхIуд рахъун аразде,
Рохьоб чанахъанасул
КолотIа чIухь тIамеян.
Амма гьеб колотIаги,
Кибго сверухъ рохьобги
«Риларал бахIаразул»
Батулареб азда лъалкI.
Амруялъе мукIурал
Ханасул нукарзабаз
ХалгьабичIеб бакI течIеб,
РаккичIеб кIкIал-хъитI течIеб.
Гьеб рохьов чи валагьи
БукIараб гIададисеб,
Наккдал цIураб гьагьиниб
РукIкIен балагьи гIадаб.
Бакъул кунчIи жанибе
КъанагIат щоларелъул,
«Бацараб рохьин» абун
БукIараб элда цIар лъун.

4.

Рохьоб гIумру тIамурав,
Рохьалъ хьихьун чи гIурав
Чумалав ватиялде
Хьул къотIараб ханасул.
Сабру тIагIун, гIакълу ун,
Цциналъ кверде восидал,
ВахIшияб буйрухъ кьураб:
«Бацараб рохь» бухIеян.
Бицун чи божуларев,
Бихьизе ракI гъанцIараб
Гъаримаб сурат цебе
Кинан чIезе гьабилеб?
Кинабго рахъалдасан
Ургъунго гъураб цIаялъ
ЦIоб гьечIого бухIулеб
Бугин рохьил хIутI-хъумур.



ХIинчI-гъедуцин борчIизе
Бажарулеб хIал гьечIин,
ЧIегIераб балагьалъул
Куркьбал тIиритIун ругин.
ТIолабго рухIчIаголъи
Аман гьарун гIодулин,
Гьезул угьди-зигарди
Зоб-ракьалда багъулин.

5.

Зулмуяв ханасени
ГьечIеб элъул ургъелцин,
Ункъо нукарги вачун
Вахунев ав цо кьуртIе.
Кьер-кьерал нигIматал кун,
Кепалда чIагIа гьекъон,
ЧIолев ав хъаравуллъун
«Хъачагъал» раккизегIан.
Амма эзул ахIвал-хIал
Ханасе загьирлъичIеб,
Эздаса къисас босзе
Къоялги рукIун гьечIел.
РукIкIараб сардил гIужалъ,
ГIодове рещтIунаго,
Рехарав хан кьурулъан,
Лъугьараб эсий ахир.
Абула цо нукарас
«Вортизе квербакъанин»,
Гьев вукъулеб къоялъги
Лъилго магIу баккичIин.
ГIавусдулел, рурулел
Рохьил жанаваразул
РакI гъанцIулел гьаркьалги
Гьеб сордоялъ къотIанин.



6.

... Радакь рахъун гIолилаз
Чуязда кьалал лъурал,
Чумаласул лъалкI цIехон,
Рахъ-рахъалде ротарал.
Нохъаздагин хъитIазда,
Кьурабалълъгин парсазда
Азул хIетIе чIечIеб бакI
Квер чIварабги хутIичIеб.
Ахир Халунмеседо
Ятарай цо нохъода,
Якъиялъгин хIинкъиялъ
ГIакълуялда гьечIого.
Даруял тIугьдузул лълъим
ТIаде пунхъун йигьиндал,
Гьелъул нур ссварал берал
Сверухъе ралагьарал.
Азда гъорлъ Чумаласда
Бер речIчIичIеб мехалда,
БухIараб хIухьел угьун,
Агьиялда гIодарай.
Инсул ссогIаб ццидаца
ЧIванин жиндир талихIан
Татухварай гьарималъ
Лъугьараб жо бицараб:
«Доб сордоялъ Чумалас
Чанги хиял гьабуна,
Чи щолареб бакI цIехон,
Рахчизе гIамалалъе.
Рохьоб чIухь тIамулеблъи
Якъинаб бугин абун,
БатIияб рахъалдехун
Гьаб нохъоде кIанцIана.
КIиго къоялъ талихIалъ
Къвал жемун ниж рукIана.
ХIинкъи тIаса анилан
Роха-хинлъун лъугьана.





7.

Амма хадусеб къоялъ
КъватIиве ваккарасда
Рохьоса кIкIуй бурулеб
Бихьана Чумаласда.
Борхатго ккураб бетIер
Бегун ана накалтIе,
Беричал михъил расал
Рачана эс цабзакье.
Ццидал цIурал бералълъан
Баккараб магIил горо
Дида бихьунгутIизе
ЧIвана эс гьурмада хъат.
Эсул хIалахъ балагьун,
ХIалхисун лъугьана дун,
– БачIараб балагь щиб? – ан
Щурана дир кIутIбуца.
– КIудияб балагь бачIун
Буго, Халунмеседо.
Ханас амруги гьабун,
БухIулеб бихьулищ рохь?!
Бокьун гуро дица гьаб
Чанахъанлъи гьабулеб,
Рес къотIиялъ тIамуна
Махщел тIаса бищизе.
Щибаб нухалъ чанитIе
ЧIорбутI битIизабидал,
ТIул-ракI тIун араб гIадин,
Лъугьунаан, хирий.
Анищ букIана гьанже
Чанахъанлъи реххун тун,
Рорхатал мугIрузда чIун,
РахIаталда рукIине.
Рохьор колотIа дица
Кверде ругьун гьарурал
ГIалхул цIцIаниги хьихьун,
ЩIияб яшав гьабизе.
Анищалда рекъараб
Къисмат нилъей батичIо.
Къалъараб дуниялги
Доб кIкIуялъ дий бецIлъана.
Дица гIужие росун,
Дагьлъарал рохьил чундул
РацIцIунго тIагIиналъе
ГIайибги диде ккана.
«Бакъ кунчIулеб щобдасан»

Сухъмахъ буго захІматаб,
ХІинкъи бугеб мехалда
Бисаз пайда босулеб.
Балагьалъул къоялъ дун
Гьезда цадахъ рекъела,
Дун нахъвуссун щвезегІан
Мун нохъода хутІила.
... Дир ургъел чучиялъе
Чанго рагІиги абун,
Чумалас чу кьолона,
Гьурилъун воржун ана,
Гьаркьил магІал гІадинан
Кьералъ рижарал гьутІбуз
Зодихъ расен бахъараб
Щобихъехун валагьун.
... Халунмеседол хабар
Ахиралде щварабго,
Арал лебалал васал
«Бисазул сухъмахъалде».
Бисал хвасар гьаризе
Квербакъулаго хварав
Чумалав аз вукъарав,
Рагъул багьадур гІадин.

8.

... Гьанже ханасул ясалъ
Ханлъи кодой босараб,
Халкъалда цее яхъун
Гьал рагІаби абурал:
– Дица киналго лагъзал
Тархъан гьарун риччала.
ТІолго рагІиятчагІи
ТІаса квер босун тола.
Амма эб тІубаялъе
Цо гьадинаб шартІ буго:
Щибаб ихдал цо-цо гъветІ
БухІараб рохьоб чІчІезе.
Элда разилъун халкъалъ
Роха-хинлъун хъат чІвараб,
Нахъисел соналъго эз
Рохьор гьутІбиги чІчІарал.
Гьединан сонал арал,
ГІасрабиги сверарал,
ГІасиял ханзабазул
Заманаги лъугІараб.
ЛъикІай Халунмеседо
Халкъалда кІочон течІей,
Гьелъ кьучІ лъураб гІадатги
Росдаца рехун течІеб.





# Дагьабго гьимиги

***

Учителас лъималазе бицунеб букIана: лъагIалилункъо батIияб заман букIунила – их, рии, хасел, сахалихълъи. Ихдал гIурччинххер баккулила, тIугьдул рижулила. Риидал дунял цIакъго хинлъулила, пихъал рарщулила, Хасалихъе сверухъего тIогьилаб кьер чIвалила, тIорорал, рекьарал жал...

Учитель лъалхъанила. Гьесул бер речIчIанила, дарсихъги гIенеккичIого, бата-батараб жоялде вуссарав васасда. Учителас гьесда абунила:

– Дуда, бахIарчи, дарсихъ гIенеккичIониги, кинабго лъалеб батилаха. Бицея цо, пихъ кида бакIаризе колебали.

– Гьойги ахикь гьечIеб, хъаравулги рокъове араб мехалъ бакIаризе ккола, – ян жаваб кьуна цIалдохъанас.

***

Географиялъул дарс букIана. Учительницаялъ цIалдохъаналда гьикъана Дагъистаналъул кинал шагьарал лъалелилан.

– МахIачхъалаги лъала, Буйнахъскги лъала, Хасавюртги лъала, Командировкаги лъала, – ян яхъана гьей.

Командировка абураб шагьар рагIичIилан релъана лъимал.

– Щай рагIулареб? Нолъгицин дир дада Командировскаялдаса вуссана, дие сайгъатги бачIана! – ян абуна гьелъ.






Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

4/2021

июль – август

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 2,97 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 26.08.2021 г.
Тираж 603 экз.
Заказ № 954.

**Типография:**
ООО «Издательство «Лотос».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение
Республики Дагестан «Редакция
республиканских литературных журналов
«Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.